



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 6/12/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO, LIDÈ MAJORITE FLANAGAN AK PREZIDAN HEASTIE  
ANONSE YON AKÒ SOU LEJISLASYON AN POU AMELYORE AKSÈ AK  
PWOTEKSYON ASIRANS POU EPI SIPÓTE TÈS DEPISTAJ POU KANSEÈ TETE**

***Inisyativ la chita sou Plan Gouvènè a pou amelyore aksè a tès depistaj pou kansè tete – sa ki pi agresif nan peyi a***

***Akò a ogmante lè tès depistaj nan lopital ansanm avèk klinik yo; retire obstak asirans epi ofri konje peye pou tès depistaj pou tout anplwaye piblik yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo, Dirijan Majorite Sena a, John Flanagan ak Prezidan Asanble a Carl Heastie jodia te anonse yon akò pou amelyore aksè pou tès depistaj kansè tete epi chita sou yon seri inisyativ Gouvènè a ki te souliye nan diskou sou sitiwayon Eta nan 2016. Sou Gouvènè Cuomo, Eta New York ap pran aksyon ki pi agresif pou amelyore aksè a tès depistaj pou kansè tete. Ansanm, inisyativ sa yo pral chita sou plan an epi fè plis fi nan eta jwenn aksè a sèvis ansanm avèk swen sante ke yo bezwen ak merite. Akò sa gen ladan lejisyasyon pou elaji èdtan pou tès depistaj nan 210 etablisman mamografi ki baze nan lopital toupatou nan eta ak pou elimine pwoblèm asirans ansanm avèk lòt tès ak pwosedi dyagnostik imaj pou detekte kansè tete.

“Deteksyon bonè se kle pou lite kont kansè tete e Eta New York fyè paske li se kay operasyon tès kansè ki pi agresif nan peyi a,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè yo te dyagnostike Sandy avèk kansè tete, li te gen chans paske li te ka detekte l bonè. Men se pa tout fi ki gen chans sa, e anpil pa gen chans ase pou yo gen fleksibilite nan orè yo oswa resous pou yo konfwonte maladi sa dirèkteman. Lè nou ogmante orè tès depistaj epi retire obstak asirans, akò sa pral bay madam, pitit fi ak sè nou yo pi bon aksè a sèvis sante kap sove lavi kidonk yo menm tou ka knfwonte maladi sa dirèkteman. Mwen remèsye Lidè Majorite Flanagan ansanm avèk Prezidan Heastie pou patenrya solid yo e mwen ankouraje tout fi yo pou fè tès—paske lè li kesyon de kansè, deteksyon bonè ka fè yon diferans pandan tout yon vi.”

**Lidè Majorite Sena John Flanagan te deklare,** “Mwen kontan paske nou te rive jwenn yon akò twa-fason pou re-afime angajman eta pou bay fi yo chans pou yo ka viv yon bon jan kalite lavi ansante ki long. Se poutèt sa li enpòtan ke nou fè tout sa nou kapab pou ankouraje fi New York yo pou yo al fè tès yo bezwen ak merite. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li te mete aksan sou pwoblèm sa ansanm avèk kòlèg nou yo nan toulède pati yo pou angajman yo pou jwenn zouti moun yo bezwen pou lite kont

kansè tete. Nou tout rekonèt ke deteksyon bonè se pi bon fason pou siviv kansè tete e mwen fyè paske mwen te fè yon bagay ki enpòtan pou moun New York.”

**Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare,** “Kansè tete manyen lavi anpil fi–madam, manman, pitit fi, sè ak zanmi nou yo. Akò sa reprezante angajman nou pou limite enpak nan ogmante sansibilizasyon epi asire ke fi yo gen aksè a tès kansè tete a bon mache yo bezwen pou asire deteksyon bonè ki kapab sove lavi. Adisyon van mamografi mobil pral ranfòse lit nou kont kansè tete nan ofri sèvis prevansyon pou kominote yo ki otreman pat gen aksè. Grasa akò sa, New York pral rete yon lidè pwogresif e lap yon modèl pou peyi a nan ankouraje sante ak byennèt fi yo – yon misyon ki te pandan lontan yon gwo priyorite pou Majorite Asanble a.”

Lejisasyon jodia chita sou \$91 milyon nan investisman ke Gouvènè a te souliye nan diskou sou sityasyon eta pou ogmante sansibilizasyon pou kansè tete, sa ki gen ladan yon kanpay sansibilizasyon piblik, pwogram konsyantizasyon kominotè, navigatè pasyan, ak van mamografi mobil. Nouvo akò lejislatif la gen ladan:

- Egzije 210 lopital ak klinik ekstansyon pou ofri orè tès depistaj siplemantè pou omwen katrèdtan pa semèn pou ede fi yo ki gen difikilte pou pwograme mamografi pandan lè jeneral 9 a.m. jiska 5pm nan jou travay. Lè sa yo enkli 7 a.m. jiska 9 a.m. e 5 p.m. jiska 7 p.m. Lendi jiska Vandredi, e 9 a.m. jiska 5 p.m. Samdi oswa dimanch;
- Elimine dediktib anyèl, ko-peman, ak peman ko asirans (“pri-pataje”) pou tout tès memogram yo, enkli sa yo ke yo bay fi yo pi souvan pase gid tès federal aktyèl la tankou mamogram chak ane pou fi yo ki nan laj karantèn yo;
- Elimine depans pataje pou dyagnostik imaj pou kansè tete, sa ki gen ladan dyagnostik mamografi, ekografi tete, ak MRI nan tete pou fi yo ki gen risk elve pou kansè tete. Kòm yon rezilta, fi yo ki bezwen tès ot ke mamografi standa pap gen pou peye okenn lajan anplis ki soti nan pòch yo pou tès dyagnostik sa yo ki pi komen;
- Ajoute anplwaye piblik vil la avèk yon popilasyon yon milyon oswa plis, nan popilasyon anplwaye piblik yo nan Eta New York ki aktyèlman gen otorizasyon pou katrèdtan konje peye pou tès kansè tete chak ane. Lwa aktyèl la mande pou tout travayè piblik yo bay anplwaye yo katrèdtan konje chak ane pou tès depistaj kansè tete. Kounye a anplwaye piblik yo nan Vil New York pral resevwa menm benefis tankou tout lòt anplwaye piblik yo nan tout eta.

“Mwen fyè paske Eta New York alavangad nan pwomote tès depistaj kansè tete,” **te deklare Komisyonè Sante NYS Dr. Howard Zucker.** “Inisyativ Gouvènè Cuomo pral ogmante chans pou deteksyon bonè, sa ki pral lakoz nan tretman ki pi efikas. Nouvo lwa sa yo pral fè yon diferans pozitif nan sante ak lavi fi yo toupatou nan eta.”

“Deteksyon Bonè kansè tete sove lavi fi yo,” **te deklare Sipè-entandan Sèvis Finansye Maria T. Vullo.** “Lwa sa, ki retire obstak finansye pou tès enpòtan ak dyagnostik imaj, pral ede fi ansanm avèk fanmi yo e li pral amelyore chans ke yo ka detekte kansè tete bonè epi trete l avèk siksè. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li te

pran etap enpòtan sa ansanm avèk aksyon agresif pou fi yo toupatou nan Eta New York. “

Kansè tete se youn nan kansè ki pi komen pami fi yo e se dezyèm koz prensipal lanmò ki gen rapò avèk kansè pami fi yo nan Eta New York. Chak ane nan Eta New York, preske 15,000 fi dyagnostike avèk kansè tete, e preske 2,640 fi mouri nan maladi a.

Tès depistaj pou kansè tete, sa ki gen ladan mamografi, ka ogmante deteksyon maladi a nan yon etap bonè, lè tretman an pi efikas. Nan 2014, yo te rapòte ke apeprè 22 pousan fi ki nan laj 50-74 ane te rapòte ke yo pat fè yon mamogram omwen chak de zan.

Gwoup Travay Sèvis Prevansyon Kominotè, yon komite endepandan espesyalis ke Sant Federal pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi te nome, te detèmine obstak striktirèl, tankou manke lè pratik pou biwo, gen yon enpak sou abilite yon fi pou l fè tès. Akoz travay ak obligasyon fanmi, fi yo souvan gen difikilte pou pwograme momografi pandan lè jeneral 9 a.m. jiska 5pm nan jou travay. Lòt obstak pou tès depistaj gen ladan transpòtasyon, pa konprann enpòtans tès depistaj ak lakrent ke mamografi fè mal.

**Julie Hart, Direktè Relasyon Gouvènman pou Rezon Aksyon Sosyete Kansè Ameriken te deklare,** “Etap enpòtan Gouvènè Cuomo pou amelyore aksè fi yo pou depistaj kansè tete mande pou lopital yo bay lè siplemantè pou sèvis mamografi se vrè mouvman pou eta. Amelyore aksè a sèvis deteksyon bonè vle di ke yo pral detekte plis kansè bonè, nan etap ki pi tretab e yo pral sove plis lavi.”

**Shakiba Muhammadi of Susan G. Komen Greater VI New York te deklare,** “Nou rekonesan anpil a Gouvènè Cuomo, Lidè Majorite Flanagan ansanm avèk Prezidan Heastie paske yo te adopte lwa enpòtan ki pral ogmante aksè a ansanm avèk pwoteksyon asirans pou tès depistaj kansè tete. Nou konnen ke deteksyon bonè bay pi bon chans pou siviv, e nou aplodi lidè yo nan eta nou an pou plan agresif sa ki pral benefisye anpil fi nan New York.”

**Maureen Killackey, M.D., Prezidan Konsèy Konsiltatif Pwogram Edikasyon ak Deteksyon Bonè te deklare,** “Sa a se vrèman yon aksyon ki baze sou pasyan. Elaji ak ogmante lè tès depistaj, epi redwi obstak finansye a bon jan kalite sèvis depistaj pral asire ke fi yo nan Eta New York ap gen aksè a deteksyon pi bonè pou kansè tete. Gouvènè Cuomo ansanm avèk Lejislati Eta ap asire ke yo detekte pifò ka kansè tete ak pou plis fi gen chans tretman ke yo bezwen pi bonè. Esansyèl sèke lejislasyon sa pral sove lavi.”

**Prezidan ak PDG Enstiti Kansè Roswell Park Candace S. Johnson, PhD te deklare,** “Nouvo lwa sa yo se yon chanjman pou sante fi yo e li pral ede fi yo pou yo pwo-aktif ak pou yo genyen pi bon opòtinite pou deteksyon bonè, tretman ki gen siksè ap pi bon kalite lavi. Roswell Park gen ankourajman paske li wè lejislatè yo te anmezi pou vini ansanm pou adrese obstak ki gen nan tès depistaj ak pwoteksyon asirans ke anpil fi ap fè fas.”

Anpil obstak egziste pou moun yo ke orè travay yo oswa lòt angajman ak responsabilite anpeche yo al fè yon tès depistaj kansè. Nan New York, anplwaye eta yo aktyèlman ap resevwa katrèdtan konsè anyèl pou tès depistaj kansè tete. Pou asire ke tout Nouyòkè yo gen aksè a sèvis tès depistaj tete, eta ap mande tout anplwaye sektè prive yo pou akòde menm kalite benefis pou anplwaye yo epi ba yo katèdan konje anyèl. 35 konpayi angaje aktivman nan efò eta. Nenpòt travay ki ta renmen patisipe ka soumèt enfòmasyon kontak yo [la](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418